

MADISON PARK TECHNICAL VOCATIONAL HIGH SCHOOL

POLITIK ADMISYON YO

ENTWODIKSYON

Reglemantasyon Eta Massachusetts ([603 CMR 4.00](#)) mande tout lekòl ansèyman teknik karyè/pwofesyonèl eta (CVTE) ap finance ak pwogram CVTE nan lekòl segondè piblik yo pou devlope ak mete an èv politik admisyon ki konfòme avèk lwa eta ak federal la, tankou direktiv enpòtan ki soti nan Depatman Ansèyman Primè ak Depatman Edikasyon Ameriken.

I. ADMISYON YO

Aplikasyon yo dwe soumèt yon aplikasyon ki ranpli ansanm ak yon deklarasyon enterè. Lè Madison Park Technical Vocational High School ap resevwa plis aplikasyon pase li plas li gen disponib, Madison Park Technical Vocational High School aplike yon lotri pou detèmine ki elèv l ap admèt. Lotri a pral admèt elèv rezidan yo avan yo admèt elèv non rezidan yo k ap chache menm pwogram lan. Politik admisyon Madison Park Technical Vocational High School nan yon fichye nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè.

II. OPÒTINITE EDIKATIF EGAL

Madison Park Technical Vocational High School admèt elèv yo epi te disponib pou yo pwogram, privilèj, ak kou etid li yo san li pa gade sou ras, koulè, sèks, idantite seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, oubyen andikap.

Madison Park Technical Vocational High School angaje pou asire ekite nan aksè pou tout epi pa itilize nòt yo, prezans, oubyen antesedan nan kondwit pou detèmine admisibilite pou admisyon.

Aplikasyon Madison Park Technical Vocational High School an disponib sou sitwèb nou an, <https://madisonpark.bostonpublicschools.org>, nan tout lang yo. Tanpri, kontakte Biwo Admisyon an nan 617-635-8970 oswa voye imèl nan jfoster2@bostonpublicschools.org si w gen kesyon oswa w bezwen èd pou ranpli fòmilè aplikasyon an.

Madison Park Technical Vocational High School angaje pou founi opòtinite edikatif bay elèv k ap fè fas ak sitiasyon sanzabri. Tanpri kontakte liyezou Madison Park Technical Vocational High School pa telefòn nan 617-635-8970, voye yon imel bay Imaldonado2@bostonpublicschools.org, oubyen vizite Madison Park Technical Vocational High School nan 75 Malcolm X Boulevard, Boston MA 02120. avèk nenpòt kesyon.

Elèv ki andikape yo oubyen elèv ki ap resevwa amenajman vya yon 504 kapab idantifye tèt yo bay Madison Park Technical Vocational High School pou mande divès amenajman rezonab pandan pwosesis kandidati ak admisyon an.

Ni andikap yon elèv, ni lang matènèl kay li a p ap gen efè sou admisyon li nan Madison Park Technical Vocational High School.

Yon jan konfòm avèk [règleman](#) Massachusetts yo, Madison Park Technical Vocational High School te kreye yon plan avèk “divès estrateji delibere, estrateji espesifik pou pwomouvwa egalite chans nan kesyon edikasyon epi atire, enskri, epi kenbe yon popilasyon elèv ki, pa rapò ak elèv ki nan klas ki nan nivo similè yo nan distri orijin yo, gen yon pwofil akademik oubyen demografik konparab” tankou sa ki swiv la:

- Tout dokiman rekritman ak aplikasyon tradwi nan prensipal lang orijin Lekòl Piblik Boston yo
- Gen entèpretasyon ki founi nan chak etap pwosesis la
- Elèv ki rekrute nan Lekòl Piblik Boston yo, lekòl a chat yo, lekòl prive yo, ak atravè divès òganizasyon non eskolè ki gen ladan yo Klèb Gason ak Fi, YMCAS, ak lye kilt lokal yo.
- Anplis, yo pral fè yon revizyon done chak ane pou asire ke Madison Park Technical Vocational High School atire, enskri ak retni yon popilasyon elèv ki, lè yo konpare yo ak elèv enskri aktyèlman nan Madison Park Technical Vocational High School ak ki nan klas similè yo nan Boston, gen yon pwofil akademik ak demografik konparab. Si yo konstate divès eka, yon analiz divès koz pwofonn pral rive efekte epi divès mezi apwopriye pral rive pran.

III. ELIJBLITE

Tout elèv aktyèl 8èm ane yo oubyen elèv aktyèl yo oubyen k ap monte nan 9èm oubyen 10èm ane ki se rezidan Boston kapab aplike pou admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School. Elèv yo kapab sèlman admi nan Madison Park Technical Vocational High School si yo te pwomouvwa nan nivo yo swete antre ladan l lan, yon jan pou elèv yo dwe konnen admisyon pa yo se sou kondisyon—si yo finalman pa pwomouvwa pou antre nan nivo yo postile ladan l lan, yo gen pou anile admisyon yo a. Elèv rezidan yo ki reponn ak egzijans minimòm yo pou admisyon pral admi avan yo aksepte nenpòt elèv non-rezidan k ap chache menm pwogram lan.

Tanpri, note ke distri a gen divès plan estratejik pou chanje estrikti òganizasyonèl Madison Park Technical Vocational High School an yon lekòl 7-12 nan kad plan li pou yon nouvo oubyen yon Madison Park renove. Ofiramezi pwosesis sa ap dewoule, lekòl la ak distri a pral fè patenarya pou mete ajou politik admisyon li yo pou reflète nouvo estrikti klas la.

ELÈV NON-REZIDAN YO:

Elèv ki pa rezidan Boston yo elijib pou postile pou admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School. Tanpri konnen ke rezidan Boston ki reponn ak egzijans admisyon minimòm yo pral admi avan nenpòt elèv non rezidan k ap chache menm pwogram lan. Elèv yo ak fanmi yo kapab jwenn enfòmasyon sou [Pwogram Frè Eskolarite Elèv Non Rezidan Chapit 74](#) anliy.

ELÈV ADOMISIL YO:

Kandida adomisil yo kapab aplike pou ale nan Madison Park Technical Vocational High School atan plen epi pral soumèt ak menm estanda admisyon yo ak lòt kandida yo.

ELÈV TRANSFERE YO:

Elèv ki deja ap patisipe nan pwogram Chapit 74 yo nan yon lòt lekòl kapab aplike pou admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School epi pral soumèt ak menm estanda admisyon ak lòt kandida yo. Elèv transfere ki deja ap patisipe nan pwogram Chapit 74 yo nan yon lòt lekòl kapab aplike pou admisyon nan nenpòt moman nan ane lekòl la.

CHWA LEKÒL:

Lekòl Piblik Boston yo pa patisipe nan pwogram chwa lekòl entè-distri. Pwogram chwa lekòl entè-distri a, [M.G.L. c. 76, § 12B](#), pèmèt paran/responsab yo voye pitit yo nan lekòl ki nan kominote yo olye se nan vil kote yo rezide a.

IV. ESTRIKTI ÒGANIZASYONÈL

Madison Park Technical Vocational High School se yon Lekòl Piblik Boston.

Chèf Etablisman nan Madison Park Technical Vocational High School la se:

Doktè Sidney Brown

75 Malcolm X Boulevard

Roxbury, MA 02120

madison@bostonpublicschools.org

617-635-8970

Se responsabilite Chèf Etablisman Madison Park Technical Vocational High School pou sipèvize administrasyon politik ak pwosedi ki itilize pou admèt ak enskri elèv yo, konfòmman ak tout lwa, règleman, ak gid ki aplikab yo.

Tout kesyon ki konsène admisyon yo dwe dirije pa:

Jennifer Foster

Kowòdonatè Admisyon yo

Madison Park Technical Vocational High School

75 Malcolm X Boulevard

Roxbury, MA 02120

jfoster2@bostonpublicschools.org

617-635-8970

V. POLITIK KOMINIKASYON ADMISYON YO

Madison Park Technical Vocational High School genyen yon kalandriye evènman sou sitwèb li a, <https://madisonpark.bostonpublicschools.org>, kote li founi enfòmasyon sou pwosesis admisyon yo, menm jan ak lòt enfòmasyon sou pwogram li yo. Elèv yo ansanm ak fanmi yo kapab mande kopi papyè kalandriye a lè yo rele oswa voye imèl swa bay Biwo Admisyon an nan 617-635-8970 oswa jfoster2@bostonpublicschools.org oswa Sèvis Akèy Lekòl Piblik Boston yo nan 617-635-9010. Madison Park Technical Vocational High School pataje tou enfòmasyon sou rekritman avèk divès kandida potansyèl nan fason ki vini an apre yo:

- MPTVHS resevwa chak ane yon lis mizajou tout lekòl BPS yo avèk divès elèv 7èm ak 8èm ane
- Prezantasyon yo dirije nan tout lekòl sa yo
- MPTVHS se yon pati nan Fwa Lekòl Segondè nan chak lekòl BPS avèk elèv 8èm ane yo
- Manje Maten/Manje Midi Konseye Oryantasyon 7èm ak 8èm Ane (2 fwa pa ane)
- Fwa Paran/Fanmi yo òganize nan MPTVHS de (2) a (3) fwa pa ane
- Divès vizit Elèv/Fanmi yo disponib sou demann epi kapab pwograme jan sa dekri anba
- Elèv ki enterese yo ap jwenn opòtinite pou yo transpòte yo soti nan lekòl 8èm ane pa yo ale nan MPTVHS pou yon vizit ak yon seyans enfòmasyon
- Videyo pwomosyonèl disponib sou sitwèb la

Madison Park Technical Vocational High School ofri divès vizit enstalasyon li yo ak kandida li yo ki enterese. Pou mande yon vizit, tanpri rele oubyen voye yon imel bay Direktè Kominikasyon Estratejik nou an pa telefòn 617-635-8970 oubyen via yon imel nan bcruthird@bostonpublicschools.org. Si kreno orè yo dakò sou li a pou yon tou rive fèt pandan jounen lekòl kandida, Biwo Admisyon yo pral founi konfimasyon bay lekòl kote kandida ye a ke kandida te patisipe nan yon vizit pandan moman sa.

VI. PWOSESIS APLIKASYON AN

PWOSESIS APLIKASYON POU ADMISYON NAN NEVYÈM, DIZYÈM ANE

1. Elèv ki enterese nan aplike nan Madison Park Technical Vocational High School pou admisyon lotòn nan 9èm oubyen 10èm ane yo dwe:

Ranpli yon demann ou jwenn sou sitwèb Madison Park Technical Vocational High School la nan

<https://madisonpark.bostonpublicschools.org>. Epi tou, elèv yo dwe soumèt yon deklarasyon enterè ki eksplike poukisa y ap chwazi MPTVHS ak kòman yo panse MPTVHS pral ede yo atenn objektif yo alavni. Deklarasyon enterè a ka pran fòm yon deklarasyon ekri, yon videyo, yon dyapozitif, oswa yon entèvyou. Tout dokiman yo dwe resevwa pa Biwo Admisyon MPTVHS an selon kalandriye ki vini an apre a:

- Premye Semèn Fevriye: Dat limit pou aplike pou 9èm ak 10èm Ane yo epi dwe elijib pou lotri
- Dènye Semèn Fevriye: Lotri a fèt
- Fen Mas: Lèt Afektasyon Eskolè Lekòl Piblik Boston yo voye

- Lete: Admisyon sou Lis Atant ak ouvèti 10èm ane ranpli

Entèvyou pou elèv k ap chwazi fòmilè sa pou yo fè deklarasyon enterè yo pral enskri pou yon peryòd tan atravè aplikasyon sou entènèt la oswa pandan y ap kontakte biwo admisyon an nan 617-635-8970. Entèvyou ak elèv yo pwograme ak òganize yon jan kontini aprè resepsyon kandidati jiska 2èm semèn Fevriye.

Komite admisyon an pral egzamine sikonstans ki diminye enpak kapasite yon elèv pou ranpli tout aspè demann lan.

Tout pati nan aplikasyon an, ansanm ak deklarasyon enterè a, disponib epi yo ka ranpli yo nan lang matènèl chak aplikan.

APLIKASYON AN RETA/LIS ATANT YO

Kandida pou admisyon nan lotòn pou 9èm oubyen 10 ane ki aplike aprè dat limit lan epi ki reponn ak kritè minimòm lan pral plase sou lis atant lan sou baz dat aplikasyon an. Lis atant lan pral rete an plas pou yon ane lekòl. Nan fen ane lekòl la, yo pral mande kandida yo si yo ta renmen pou yo konsidere yo pou plas ki vin disponib yo nan pwomosyon pa yo a. Kandida yo pral jwenn envitasyon pou resoumèt dokiman pa yo pou soumisyon nan nouvo lotri/lis atant lan si plas yo disponib.

ELÈV TRANSFERE YO

Elèv ki gentan enskri nan yon pwogram eta apwouve Chapit 74 nan yon lòt lekòl kapab aplike pou admisyon yo nan Madison Park Technical Vocational High School. Tanpri, kontakte Biwo Admisyon an pa telefòn nan 617-635-8970 oswa pa imèl nan jfoster2@bostonpublicschools.org si w ta gen nenpòt kesyon oswa pou mande yon fòmilè aplikasyon.

ELÈV KI ABANDONE YO

Elèv ki abandone nan Madison Park Technical Vocational High School kapab reyaplike pou admisyon pandan y ap swiv pwosedi ki genyen nan dokiman sa. Demann reyadmisyon yo pral evalye pandan y ap itilize menm kritè ki genyen nan Politik Admisyon sa.

VII. PWOSESIS SELEKSYON AN

Lè plis elèv aplike pou Madison Park Technical Vocational High School pase kantite plas ki disponib, Madison Park Technical Vocational High School pral aplike yon lotri ak yon minimòm egzijans. Kandida yo dwe ranpli twa eleman ki rekòmande yo (Demann lan, Zèv la, Lèt Rekòmandasyon yo) pou yo konsidere yo pou lotri a detèmine ki elèv ki pral admi. Kantite elèv ki aksepte chak ane pral detèmine pa mwayèn sou twa ane kantite enskripsyon nan 1ye Oktòb ane ki vin avan ki soumèt bay Depatman Edikasyon Primè ak Segondè MA. Kritè Madison Park Technical Vocational High School la aplike a te apwouve pa komite lekòl li a, epi komite lekòl la pral apwouve itilizasyon kritè sa yo chak ane. Politik admisyon Madison Park Technical Vocational High School la disponib sou sitwèb lekòl la epi li nan yon fichye nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè MA.

VIII. PWOGRAM EKSPLOLATWA

Paske Madison Park Technical Vocational High School ofri omwen 5 pwogram Eta apwouve Chapit 74, Madison Park Technical Vocational High School pwopoze yon pwogram eksploratwa demi ane pou elèv 9èm ane yo, ki baze sou Kad Aplikab Ansèyman Teknik Pwofesyonèl ak Pwogram Massachusetts.

Pwogram eksploratwa divize an twa faz. Pandan premye faz la, elèv yo ekspoze ak tout pwogram pwofesyonèl yo pandan premye de (2) semèn lekòl yo. Pandan dezyèm faz la, elèv yo chwazi sis premye pwogram pwofesyonèl pa yo epi pase 4 jou nan chak pwogram. Nan twazyèm ak dènye faz la, elèv yo limite de (2) premye chwa pwofesyonèl pa yo epi pase 1 ½ semèn nan chak. Moun ki entegre nan pwogram eksploratwa konpetans transvèsal yo, oubyen divès konpetans ki nesese nan tout pwogram fòmasyon pwofesyonèl yo. Elèv yo pase yon minimòm 11 semèn oubyen 165 èdtan nan eksploratwa ki gen ladan l 15 èdtan ki dedye ak konpetans kwaze yo. Nan fen pwogram eksploratwa, elèv yo afekte nan pwogram pwofesyonèl yo.

IX. ADMISYON NAN PWOGRAM ESPESIFIK

Madison Park Technical Vocational High School itilize sistèm ki vini an apre a pou elèv yo idantifye ak enskri nan pwogram teknik Chapit 74 yo a:

Elèv ki enskri nan Madison Park Technical Vocational High School swiv yon pwogram eksploratwa nan twa faz nan moman premye mwatye 9èm ane pa yo. Elèv yo ekspoze ak tout pwogram pwofesyonèl yo nan kòmansman epi kòmanse rafine chwa pa yo nan faz ki vini an apre yo.

- Faz Youn: Ekspozisyon. Elèv yo eksplore de (2) pwogram pwofesyonèl chak jou pandan de (2) premye semèn pwofesyonèl pa yo.
- Faz De (2): Tòp Sis. Aprè yo fin konplete faz en, elèv yo chwazi sis pwogram pwofesyonèl yo enterese ak yo nan eksplore plis. Pandan faz sa, yo pase kat jou nan chak pwogram pwofesyonèl.
- Faz Twa: Tòp 2. Aprè yo fin konplete faz de (2) a, elèv yo chwazi de (2) pwogram pwofesyonèl yo enterese ak yo nan eksplore yon nivo ki pi pwofon. Elèv yo pase 1 ½ semèn ap eksplore chak pwogram yo te chwazi.
- Avan fen Pwogram Eksploratwa a, elèv yo pral pase 11 semèn oubyen 165 èdtan nan eksploratwa, enklizif nan 15 èdtan ki konsakre ak konpetans inivèsèl kwaze.

Pandan wotasyon eksploratwa yo, pwofesè yo itilize yon ribrik pou evalye elèv yo nan klas eksploratwa pa yo. Yo note yo sou yon echèl 1-5 pou patisipasyon ak travay pwojè ki reyalize pandan kou a. Elèv yo resevwa tou divès pwèn lè yo ranpli yon brèf antre jounal refleksyon anliy pou chak wotasyon. Elèv yo gen asirans yo pa bezwen pou yo se ekspè nan okenn sijè, men tou senpleman eseye chak pwojè, patisipe nan diskisyon yo, poze divès kesyon epi aprann nan chak fòm wotasyon eksploratwa. Elèv yo enfome ke yo resevwa divès pwèn pou patisipasyon pozitif yo nan chak wotasyon. Nòt yo pa baze sou konpòtman oubyen prezans; epi li pa baze sou okenn atant konpetans oubyen atitud avanse. Okontrè, nòt yo baze senpleman sou patisipasyon pozitif nan aktivite klas yo. Nòt yo ajiste nan lide pou elèv ki te transfere nan lekòl la fen semès la, oubyen ki te jistifye absans yo, pa pèdi pwèn pou jou ki rate yo.

Nan fen pwogram eksploratwa, elèv yo idantifye kat premye chwa pa yo, ki ranje soti nan 1^{ve} chwa rive nan 4^{em} chwa. Woutin afektasyon an otomatize epi kòmanse avèk yon lis elèv, ki klase soti nan nòt ki pi elve a rive nan nòt ki pi ba. Genyen tou yon lis pwogram, avèk kantite plas ki disponib. Ofiramezi woutin lan ap pakouri lis elèv yo, pou chak elèv, woutin lan gade nan premye chwa. Si genyen yon espas disponib, elèv la afekte ak pwogram sa. Si non, woutin lan ap gade nan dezyèm chwa. Si genyen yon espas disponib, elèv la afekte ak pwogram sa. Si non, woutin lan ap gade nan twazyèm chwa. Si genyen yon espas disponib, elèv la afekte ak pwogram sa. Oubyen si non, woutin lan ap gade nan katyèm chwa. Si genyen yon espas disponib, elèv la afekte ak pwogram sa.

X. PWOSIS REVIZYON AK APÈL

Si Madison Park Technical Vocational High School pa aksepte yon kandida, oubyen plase yo sou yon lis atant, kandida a oubyen paran/responsab pa yo kapab mande Kowòdonatè Admisyon yo nan rewè desizyon sa avan premye semèn Avril la. Demann sa yo kapab fèt nan fason ki vini an apre yo:

Pa imel	Pa kourye pape oubyen remiz nan men pwòp
jfoster2@bostonpublicschools.org	Jennifer Foster Kowòdonatè Admisyon yo Madison Park Technical Vocational High School 75 Malcolm X Blvd Roxbury, MA 02120

Kowòdonatè Admisyon yo pral reponn ak demann revizyon sa yo pa ekri epi pral endike si desizyon an refize admisyon ak elèv la, oubyen lis atant elèv la, pral kenbe oubyen anile. Pou pran desizyon sa yo, Chèf Etablisman yo oubyen reprezantan li pral egzamine enfòmasyon ki vini an apre yo:

- Demann Elèv la pou Eta Konplè
- Plas Elèv la sou Lis Atant lan (si aplikab)

XI. KENBE DOSYE YO

Madison Park Technical Vocational High School kenbe dosye tout elèv ki aplike yo, enskri, oubyen ki nan lis atant yo, fasilite analiz sistèm admisyon li an ak konfòmite avèk lwa ak règleman aplikab yo. Madison Park Technical Vocational High School pral bay enfòmasyon sa bay Depatman sou demann.